



**SEJARAH DINTEN WIOSAN  
KABUPATEN KLATEN**

**TANGGAL, 28 Juli 2016**

## SERATAN DINTEN WIOSAN KABUPATEN KLATEN

Tlatah Kabupaten Klaten nedahaken wewengkon kino. Pangertosan punika nemu teges bilih sampun sawetawis dangu tlatah Klaten sampun dipun papani sanak sederek tiyang-tiyang makino kawiwitan saking zaman Hindu duk rikala semanten

Adekipun kraton-kraton zaman Hindu ing tanah Jawi, sesebatan Klaten sampun nate kapireng. Katerangan-katerangan kasebat saget kapanggihaken lumantar petilasan-petilasan agami Hindu miwah Buda kadosta wewujudan Candi miwah uba rampe makino. Sebatan padusunan-

padusunan rikala semanten kadosta Dusun Pulowatu, Gumulan ing tlatah Kalikotes, Wadihati utawi Dusun Wedi, Mirah-Mirah utawi Dusun Muruh miwah Upit kang samangke ing rejaning zaman minangka cikal bakal Dusun Ngupit ing tlatah Kecamatan Ngawen nedahaken perangan sejarah kang nyawiji. Malah-malah ing Dusun Ngupit dipun kiyataken kanti wontenipun petilasan ingkang nyebataken tlatah Ngupit minangka tanah perdikan. Petilasan Ngupit kasebat nedahaken sengkala surya kaping 11 (sewelas) wulan November Warsa 866 Masehi dening Raden Rakai Kayuwangi.

Rikala zaman Kraton-kraton Islam kadosta Demak, Pajang miwah Mataram

tlatah Klaten kalebet tanah Negari Agung. Katerangan punika sininpen ing sejarah kang sinerat ing dongeng-dongeng kino, seratan kino utawi katerangan gumathok sanesipun. Carios Kyai Melati dipun pitados dening para winasis minangka cikal bakal Kuta Klaten. Saking carios Kyai Melati punika ing samangke kapanggihaken tetebungan Klaten. Ananging sumbering sejarah kino lan zaman Walandi tetebungan Klaten dereng kapireng kumandangipun.

Tetebungan Klaten saweg kasebat dening sejarah, duk rikala tanah perdikan punika kapilih minangka papan adekipun Benteng utawi Loji kang samangke dening bangsa Walandi kagem sumbering

paprentahan. Benteng utawi Loji Klaten puniki dening pangawak Walandi sinerat wonten seratan sejarah minangka tetenger kang miterangaken tlatah Klaten mujutaken paprentahan nagari ingkang mapan antawisipun Kasultanan Ngayogyakarta miwah Kasunanan Surakarta.

Adeking Loji Klaten kang semanten minangka sumbering paprentahan, kaserat dening sejarah nedahaken sengkalan dinten Setu, surya 28 (wolu likur) wulan Juli warsa 1804 kang samangke kapitados minangka dinten wiosan Kabupaten Klaten.

Kawiwitan adeking Loji Klaten punika saserangan gumlingsiring zaman, Klaten kapilih minangka papan palereman para

pangarsaning negari. Dinten madinten, Klaten tambah grembaka, kuncara miwah sumuwur temah kaserat ing sumber sejarah Klaten katetepno minangka Kabupaten Pangreh Praja ing surya kaping 12 (rolas) Oktober 1918 (sewu sangatus wolulas) Masehi.

Jumbuh seratan-seratan sejarah kasebat, para kadang - kadang winasis kang kajibah ninting dinten wiosan Kabupaten Klaten netepaken bilih candra sengkalan kang mapan ing petilasan Loji Klaten kang sinerat dinten Setu Surya 28 Juli 1804 kapilih kiyat minangka dinten ageng wiosanipun Kabupaten Klaten. Lelandakan Paugeran Nomor 12 warsa 2007, Pamarintah Kabupaten

Klaten anetapaken bilih surya kaping 28 Juli minangka dinten wiosan Kabupaten Klaten kang samangke dipun mangubagya sedaya warga masyarakat mliginipun keluarga ageng Pamarintah Kabupaten Klaten.

*Waosan paripurna, matur nuwun.*